

# Konprann Lèt FEMA ou a

---

**Release Date: Septanm 9, 2023**

**TALLAHASSEE** – Sivivan ki aplike pou asistans apre Siklòn Idalia pral resevwa lèt kalifikasyon ki soti nan FEMA pa lapòs oswa imèl.

Lèt la pral eksplike estati aplikasyon ou an ak kòman pou reponn. Li enpòtan pou li lèt la byen paske li ap gen ladan l nenpòt montan FEMA ap bay ak enfòmasyon sou fason ki pi bon pou itilize lajan asistans pou katastwòf yo.

Aplikan ki depi nan kòmansman pa t kalifye oswa pa t dakò ak monte ki apwouve pou asistans lan kapab fè apèl ak detèminasyon FEMA. Aplikan yo kapab sèlman bezwen soumèt plis enfòmasyon oswa dokiman sipò pou FEMA kapab kontinye ak pwosesis aplikasyon an. Egzanp dokiman ki kapab manke yo kapab se:

- Prèv Kouvèti Asirans
- Règleman reklamasyon asirans oswa lèt refi founisè asirans lan
- Prèv idantite
- Prèv w ap viv nan pwopriyete a
- Prèv ou se mèt pwopriyete a:
- Pwouve pwopriyete ki genyen domaj lan se rezidans prensipal ou li te ye nan moman katastwòf lan pase a.

Si w gen kesyon, rele liy èd pou asistans katastwòf nan 800-621-3362 pou kapab konnen ki enfòmasyon FEMA bezwen.

Asistans FEMA a pa tankou asirans. FEMA asistans bay lajan sèlman pou lojman tanporèman, reparasyon debaz nan kay oswa lòt depans ki lye ak katastwòf.

## **Fason ou ka Konteste yon desizyon**

Aplikan ki pa dakò ak desizyon FEMA oswa montan pou asistans lan, kapab soumèt yon lèt kontestasyon ak dokiman ki pou sipòte reklamasyon yo an, tankou yon estimasyon lajan yon pou reparasyon nan kay la kontrakte fè, oswa te di ki dokiman ki manke nan lèt detèminasyon an.



**FEMA**

Page 1 of 2

FEMA pa kapab double asistans ki soti nan lòt sous, tankou règleman asirans yo. Sepandan, moun ki pa gen gwo asirans yo kapab resevwa asistans alavni pou bezwen ki pa rive satisfè yo apre reklamasyon asirans lan te fin regle.

Kontestasyon an dwe fèt alekri. Nan yon lèt ki siyen epi ki gen dat, eksplike pou ki rezon kontestasyon an. Li ta dwe gen ladan:

- Non Konplè Aplikan an
- Nimewo katastwòf (DR-4734 for Siklòn Idalia)
- Adrès kay prensipal aplikan an anvan katastwòf lan
- Nimewo telefòn ak adrès aktyèl aplikan
- Nimewo Aplikasyon FEMA a sou tout dokiman yo

Si chwazi yon twazyèm moun ki pou soumèt lèt kontestasyon ou an sou non w, twazyèm moun nan dwe siyen lèt la. Anplis, tanpri bay yon deklarasyon ou siyen ki otorize twazyèm moun sa pou konteste nan non w.

Ou sipoze soumèt kontestasyon an nan yon kalandriye 60 jou aprè dat lèt kalifikasyon an. Lèt yo ak dokiman sipò yo dwe soumèt bay FEMA pa faks, lapòs oswa sou yon kont FEMA anliy. Pou fè yon kont anliy, ale sou [Disasterassistance.gov](https://www.disasterassistance.gov), klike sou “Aplike Anliy” epi suiv enstriksyon yo.

**Pa lapòs:** FEMA National Processing Service Center, P.O. Box 10055 Hyattsville, MD 20782-7055

**Pa Faks:** Pou Atansyon, 800-827-8112: FEMA

Ou kapab vizite nenpòt Sant Rekiperasyon apre katastwòf ki pi pre w la epi soumèt yon kontestasyon. Pou plis enfòmasyon sou DRC ki louvri ak lè yo ou kapab ale sou paj DRC nan: [DRC Lokalizatè \(fema.gov\)](https://www.fema.gov/drc) chèche eta ep chwazi Florida.

Pou yon videyo aksesib sou kalifikasyon let FEMA, ale sou, [FEMA Accessible: Understanding Your Letter - YouTube](https://www.youtube.com/watch?v=...).

Pou dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florida apre Siklòn Idalia, ale sou [floridadisaster.org/info](https://www.floridadisaster.org/info) ak [fema.gov/disaster/4734](https://www.fema.gov/disaster/4734). Suiv FEMA sou X, ansyen non Twitter sou [twitter.com/femaregion4](https://twitter.com/femaregion4) ak sou [facebook.com/fema](https://www.facebook.com/fema).



**FEMA**

Page 2 of 2